Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи

www. mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



## Гумбет районалъул газета

№ 16 (6596) 9 апрель 2018 с. Итни Ражаб 1439 с. Багьа 5 гъур.

РУХIИЯБ ГIУМРУ

## БитIараб нухде гIалам тIобитIулеб казият

### Бакълъулазул ракьалда – «Ас-салам» басмаялъул къо

**2018 соналъул 5 апрелалда Бакълъулазул районалда тIобитIана «Ас-салам» газеталъул къо. Гьелъул хIакъалъулъ материал гIатIидго кьезе буго газеталъул хадусеб номералда.**






ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## 176 гIарза тIубана

### Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас жамгIиял суалал рорхараб данделъи тIобитIана

**2 апрелалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевасул нухмалъиялда тIобитIана гIадамазе хъулухъ гьаби лъикIлъизабиялъул, гIуцIабазул ва учреждениязул хIаракатчилъиялъул мунпагIат цIикIкIинабиялъул хIакъалъулъ суалал гьоркьор лъураб данделъи.**



Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзаби, гIуцIабазул ва хъулухъазул нухмалъулел.

Дагъистаналъул МФЦялъул Бакълъулазул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас, анкьил хIасилазул бицунаго, бихьизабуна пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян бачIараб 243 гIарзаялдасан, 176 тIубазабунин .

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас бицана ихдалил хурулал хIалтIабазда хъутабазда байбихьун бугилан. 240 гектаралда рекьизе руго гIемерсонилал культураби. Хьалеб буго люцернадул хьон, кватIичIого байбихьизе буго хъутаби ругел магIишатаз ихдалил росдал магIишаталъул цогидал культураби рекьизеги.

Районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас ахIана киналго бутIабазда хIалтIи кутаклъизабизе ва лъикIал хIасилазе гIоло къеркьезе.

«Хъулухъалъулал тIадал ишал тIуразари ккола щивасул жавабияб масъала. ГIуцIабазул нухмалъулезги, росабазул бутIрузги, школазул нухмалъулезги – бюджетнияб бутIаялъул киналго хIалтIухъабаз хIаракат бахъизе ккола халкъалъе гьабулеб хъулухъалъул даража борхизабизе», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалазда хурхун, тIадкъаял кьуна, рихьизаруна гьел тIураялъе болжалалги.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## ГьитIинго кьураб тарбия – талихIаб гIумруялъул аслу

### Балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIул рахъалъ комиссиялъул хIукмаби

**Бакълъулазул районалъул администрациялда 29 марталда тIобитIана балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ комиссиялъул данделъи. Гьеб рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас.**



Данделъиялда гьоркьор лъурал суалазул хал гьабиялъулъ гIахьаллъана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор, полициялъул капитан МухIамад ХIусенов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул балугълъиялде рахинчIезулгун

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**ТIад Инхоса МухIамад ГIабасовасул пихъ лъолеб алаталъе – тIоцебесеб бакI**

**-2 гьум.**



**Джеймс Максвеллги чIиркъдерил цIалдохъабиги**

**-2 гьум.**



**Марям Жанахъаева: «Диспансеризация гьаби – сахлъи цIуниялъе чара гьечIеб шартI»**

**-3 гьум.**



**АхIмад Дибиров**

**-4 гьум.**

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

# Марям Жанахъаева: «Диспансеризация гьаби – сахлъи цIуниялъе чара гьечIеб шартI»

## Бакълъулазул районалъул поликлиникаялъул нухмалъулелъулгун аналитикияб накъит

**1999 соналда МелъелтIа гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьебго соналъ Марям Жанахъаева цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул академиялде. 2005 соналда гьеб лъугIун хадуб, республикаялъул лъималазул клиническияб больницаялда интернатураялда, гьединго ординатураялда лъай борхизабуна. 2009 соналда хIалтIизе ячIана районалъул педиатрлъун ва цадахъго бачана участковияй педиатралъул хIалтIиги. ГьабсагIат Марямица нухмалъи гьабулеб буго Гумбет районалъул поликлиникаялъе.**

«Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Марям Жанахъаевагун ва кьуна гьелъие чанго суал.

**- Марям, поликлиникаялда цо къоялъ чан унтарав къабул гьавизе кIолев? Нужер хIалтIул гIуцIи кинаб бугеб?**

-Бакълъулазул районалъул поликлиникаялда цо къоялъ къабул гьавизе кIола 110 чи.

Нижер хIалтIул гIуцIиялъул бицани гьадинаб буго: тIоцеве поликлиникаялде вачIарав чи ине ккола регистратураялде жиндирго карта босизе. Гьелде абула «Медицинская карта амбулаторного пациента», - ян. Хадув ине ккола хал гьабулеб кабинеталде. Поликлиникаялде рачIунел гIемерисел гIадамазе бокьуларо гьеб кабинеталде ине. ХIаракат бахъула батIи-батIиял гIиллабиги ралагьун инчIого чIезе. Амма гьеб ккола кутакалда мекъаб ишлъун.

Гьеб кабинеталда унтарав чиясулги ва унтичIесулги босула бидурихьалдаса би. Нижеца бахъараб би хIадурула республикаялъул батIи-батIиял лабораториязде битIизе. Би щвезе гьабула анкьида жаниб цо нухалъ ВИЧ ва гепатит бугищан хал гьабизе Буйнакск шагьаралда бугеб лабораториялде, онкологиялъул унтаби хехго тIатин мурадалда, МахIачхъалаялде онкологическияб диспансералде, кожвендиспансералде ва медикогенетическияб централде. Би босун хадуб кабинеталда хал гьабула бералда рихьун ратулел онкологиялъул унтаби ругищан.

Хадув гьев чи ине ккола флюорография бахъизе. Щивав чиясда тIадаб буго лъагIалида жаниб цо нухалъ гьеб гьабизе. Гьеб кинабго тIубан хадув унтарав чи уна жиндиего къваригIарав тохтурасухъе. Гьес хъвала тIаде хIажатал анализал, УЗИ, ЭКГ гьабизе бугониги.

**-Поликлиникаялда хIажа-таб оборудование бугищ?**

- Буго маммограф, цIияб флюорографическияб аппарат, УЗИ аппарат, биохимическияб анализатор.

**-Гьаб сагIат чара гьечIого хIажатаб жо щиб бугеб?**

- ХIажат буго маммограф.



**- Врачазул, медсестрабазул гIураб къадар бугищ?**

- Медсестрабазул къадар поликлиникаялда гIураб буго, амма врачазул къадар гIураб гьечIо. Жакъа къоялде хIажат вуго лор врач, дерматолог, уролог.

**- ЧIорого дарабаздалъун унтаразул хасаб къокъа хьезабиялъул рахъалъ кинаб хIал бугеб?**

- 2017 соналъул ахиралда чIорого щолел дарабазе регионалияб хьезариялъул идараялдаса 750 азарго, федералияб къагIидаялъ 571 азарго гъурущалде ккола дарабазе заявка кьун буго.

Федералияб къагIидаялъ рачIунел дараби щола социалияб пакеталдаса инкар гьабичIел инвалидазе.

Районалда вуго 1100 инвалид. Гьезда гьоркьов дарабаздаса инкар гьабичIев 59 чи вуго. Гьезул щивасе бихьизабун букIана дарабазе цо моцIалъе 806 гъурущ, лъагIалие 9672 гъурущ. 59 чиясе бихьизабураб гIарцул къадарги ккола 571 азарго гъурущ.

Онкологиялъул ва ургьисалабазул сакъатлъи бугел, гемодиализ гьабулел унтаразе щолел дараби рукIуна хириял. Гьединлъидал гьел унтаразе дарабазул гIураб къадар щунгутIиялъе гIиллаги букIуна, нилъер районалда гIемерисел инвалидаз дарабаздаса инкарги гьабун, гIарац боси.

Жакъа къоялде 2018 соналъе заявка кьурал дараби жеги рачIинчIо. Гьаб сагIаталда рачIунел руго 2017 соналъ рачIинчIого хутIарал дарабазул дагьабго къадар.

**- Кин бугеб диспансеризация гьабиялъул иш? Исана гьеб чан чиясе гьабизе бугеб, чан сон бугезул?**

- Диспансеризация гьабиялде нижеца кIудияб кIвар кьолеб буго. Лъималазул диспансеризация гьабизе анкьида жаниб цо нухалъ врачазул къокъа щола школазде, ясли-ахазде. Ясли-ахазде унареб лъимер ахIула хал гьабизе поликлиникаялде. Диспансеризация гьабизе ккола лъимер гьабураб къоялдаса байбихьун 18 сон тIубазегIан.

ЧIахIиязул диспансеризация гьабизе ккола 21, 24, 27,30, 33, 36, 39, 42, 45, 48, 51, 54,57, 60, 63, 66, 69, 72, 75, 78, 81, 84, 87, 90 сон исана тIубалел гIадамаз. ЧIахIиязул диспансеризация гьабула кIиго этапалда. Ахираб заманалда цIикIкIун руго бидул тIадецуй бахарал, чакаралъул унти бугел гIадамал. ЦIакъго гIемер дандчIвалел руго 2-3 стадиязда онкологиялъул унтаби. Гьединлъидал щивав чияс кIвар кьезе ккола жиндирго сахлъи цIуниялде. Поликлиникаялде вачIине кIоларев чиясухъе рокъоре ун, тIоцебесеб этап гьабизе ихтиярги буго. Нижеца гьеб гьедин гьабулебги буго.

**-Диспансеризация гьабизе поликлиникаялде вачIунесда щиб кодоб букIине ккoлеб?**

- Диспансеризация гьабизе вачIунес кодоб босизе ккола страховияб медицинаялъулаб полисалъул, паспорталъул ва страховияб свидетельствоялъул копияби.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ДОКУМЕНТ

## Информационное сообщение о приеме предложений по кандидатурам членов участковых избирательных комиссий с правом решающего голоса (в резерв составов участковых комиссий)

Руководствуясь статьями 26 и 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» территориальная избирательная комиссия Гумбетовского района объявляет прием предложений, по кандидатурам для назначения членами нижеследующих участковых избирательных комиссий, с правом решающего голоса (в резерв составов участковых комиссий), формируемых в 2018 году:

**Перечень и количественный состав участковых избирательных комиссий, формируемых в 2018 году на территории Гумбетовского района**

| № | № избир. уч. | Наименование избир. участка | числен избир.на тер.из.уч. | кол. чл. УИК с правом реш.гол | Наименование поселения к которым отн. избирательный участок |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 0294 | Мехельтинский (райцентр) | 891 | 6 | |
| 2 | 0295 | Мехельтинский (сельский) | 726 | 6 | «Сельсовет |
| 3 | 0296 | Нарышский | 176 | 5 | ‘‘Мехельтинский’’ » |
| 4 | 0297 | Старо-Сивухский | 29 | 5 | |
| 5 | 0298 | Цилитлинский | 332 | 5 | «Сельсовет |
| 6 | 0299 | Цияб цилитлинский | 480 | 5 | ‘‘Цилитлинский’’ » |
| 7 | 0300 | Шабдухский | 76 | 5 | «Сельсовет ‘‘Шабдухский’’» |
| 8 | 0301 | Ичичалинский | 81 | 5 | |
| 9 | 0302 | Первомайский | 176 | 5 | |
| 10 | 0303 | Аргванинский | 285 | 5 | «Сельсовет ‘‘Аргванинский’’» |
| 11 | 0304 | Ново-Аргванинский | 923 | 6 | |
| 12 | 0305 | Нанибиканский | 288 | 5 | |
| 13 | 0306 | Игалинский | 1562 | 8 | |
| 14 | 0307 | Кунзахский | 195 | 5 | «Сельсовет |
| 15 | 0308 | Тантаринский | 194 | 5 | ‘‘Игалинский’’» |
| 16 | 0309 | Цанатлинский | 197 | 5 | |
| 17 | 0310 | Верхний-Арадирихский | 201 | 5 | |
| 18 | 0311 | Нижний-Арадирихский | 92 | 5 | «Сельсовет ‘‘Арадирихский’’» |
| 19 | 0312 | Средний-Арадирихский | 251 | 5 | |
| 20 | 0313 | Кучкаркумский | 70 | 5 | |
| 21 | 0314 | Шпрингельский | 35 | 5 | |
| 22 | 0315 | Тляратинский | 272 | 5 | «Село Тлярата» |
| 23 | 0316 | Ингишинский | 305 | 5 | «Село Ингиши» |
| 24 | 0317 | Отав-Т юбинский | 126 | 5 | |
| 25 | 0318 | Данухский | 180 | 5 | «Село Данух» |
| 26 | 0319 | Ново-Данухский | 269 | 5 | |
| 27 | 0320 | Чиркатинский | 1042 | 7 | «Село Чирката» |
| 28 | 0321 | Нижне-Инховский | 607 | 6 | «Село Нижнее Инхо» |
| 29 | 0322 | Верхне-Инховский | 361 | 5 | «Село Верхнее Инхо» |
| 30 | 0323 | Читлинский | 159 | 5 | «Село Читль» |
| 31 | 0324 | Килятлинский | 331 | 5 | «Село Килятль» |

Прием документов осуществляется 16 апреля по 16 мая 2018 года по адресу: с. Мехельта ТИК Гумбетовского района

При внесении предложений и оформлении документов по кандидатурам для назначения в состав участковых избирательных комиссий с правом решающего голоса (в резерв составов участковых комиссий) следует руководствоваться статьями 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Методическими рекомендациями о порядке формирования территориальных избирательных комиссий, избирательных комиссий муниципальных образований, окружных и участковых избирательных комиссий, утверждённых постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 17 февраля 2010 года №192/1337-5, а также Порядком формирования резерва составов участковых избирательных комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года №152/1137-6 (размещены в разделе «Формирование участковых избирательных комиссий» на сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети Интернет).

В состав участковых избирательных комиссий не зачисляются лица, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

Заседание территориальной избирательной комиссии по формированию участковых избирательных комиссий с целью соблюдения требований пункта 9 статьи 22 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» будет проведено в июне 2018 года в зависимости от дня окончания избирательной кампании по выборам Президента Российской Федерации.

**Территориальная избирательная комиссия**

# АхIмад Дибиров

**2018 соналъул 29 марталда Аллагьасул къадаралде щвана бакълъулазул ракьалъе ритIухъаб хъулухъ гIемер соназ гьабурав, Щабдухъ росулъа АхIмад Дибиров.**

**Бакълъулазул районалъул Щабдухъ росулъ 1937 соналъ гьавуна АхIмад Дибиров.**

**Щабдухъ байбихьул школаги лъугIизабун, 1948 соналъ цIализе вачIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде щуабилеб классалде. ГIарцул медалалда лъугIизабуна МелъелтIа школа ва хIисаб – гIелмуялъул факультетги тIаса бищун, Дагъистаналъул педагогическияб институталда цIализе ана. Институт лъугIун хадув тIад вуссана гIагараб районалде.**



**ХIалтIана ЦIиликь школалъул нухмалъулевлъун, армиялде хъулухъ гьабизе инелде цевеги, тIадвуссун хадувги. 12 соналъ нухмалъи гьабуна ЦIунди микьго сонил школалъе.**

**АхIмад Дибиров хадув тIамуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулевлъун. 10 соналъ гьабуна отделалъе нухмалъи. ХIисаб-гIелму малъизе ЦIунда-Щабхъадерил Первомайское хъутаналъул школалде ана, хадув тIамуна ЦIунди-Щабдухъ ва ИчичIали росабазул Советалъул нухмалъулевлъун.**

**Хадув АхIмад тIамуна хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул централъул нухмалъулевлъун, 1999 соналъ тана районалъул администрациялъул бетIерасул заместительлъун, вищана районалъул Собраниялъул председателасул заместительлъун, хIалтIана райадминистрациялъул аппараталъул нухмалъулевлъун.**

**АхIмадие щвана «Рехун тарал ва гIурукъарал ракьал хIалтIизариялъе гIоло» медаль, «Халкъияб лъайкьеялъул отличник», «Муниципалияб гIуцIиялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб цIар.**

**Аллагьасул къадаралде АхIмад щвеялда бан, гьесул хъизан- лъималазда, гIагабожаразда, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулез, гьудул-гьалмагъзабаз. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батаги.**

<u>ЗИГАРАБИ</u>

**Информациялъул «Гумбет» отделалъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго эмен ГIали Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, Сайпилав МухIамадовасда, вацазда ва гIага-божаразда.**

**Хварасе ахират лъикIаб кьун батаги.**

---

**Информациялъул «Гумбет» отделалъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Загьра АхIмаднабиевалда, эбел ГIайшат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Алжан насиб гьабеги хваралъе.**

## Информация о реализации в 2018 году дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда, в Республике Дагестан

**Министерство труда и социального развития Республики Дагестан информирует, что в целях создания и сохранения рабочих мест, обеспечения занятости населения в сфере строительства и курортно-туристическом комплексе в 2018 году на территории Республики Дагестан будет реализовано мероприятие по стимулированию предпринимательской деятельности, в целях создания новых рабочих мест в рамках государственной программы Республики Дагестан «Реализация дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан» на 2018 год, утвержденной постановлением Правительства Республики Дагестан от 24 января 2018 г. № 5**

Данное мероприятие направлено на расширение сферы трудовой деятельности населения в условиях отсутствия достаточного количества свободных рабочих мест (вакантных должностей).

Работодателями, участвующими в реализации мероприятия, являются юридические лица (за исключением государственных (муниципальных) учреждений и индивидуальные предприниматели.

Услуга по содействию занятости в рамках реализации мероприятия оказывается незанятым гражданам, зарегистрированным в центрах занятости населения в качестве безработных, а также обратившимся в центры занятости населения за содействием в трудоустройстве и не относящимся к категории занятых.

Мероприятие включает в себя:

информирование граждан, юридических лиц, индивидуальных предпринимателей о возможности организации предпринимательской деятельности, включая ознакомление с законодательством, предоставление информации об организациях, занимающихся вопросами развития предпринимательства (союзы малых предприятий, ассоциации фермеров, центры или агентства поддержки предпринимательства и др.), видах и условиях оказываемых услуг;

взаимодействие с организациями, оказывающими услуги населению в организации предпринимательской деятельности (бизнес-инкубаторы, социально-деловые центры и др.);

ознакомление юридических лиц, индивидуальных предпринимателей с порядком и условиями предоставления единовременной выплаты;

оказание единовременной выплаты с целью создания или развития предпринимательской деятельности, предназначенной для потребностей ведения предпринимательской деятельности, в том числе закупки оборудования, создания и оснащения дополнительных рабочих мест, кроме аренды и зарплаты наемным работникам.

Субсидия предоставляется юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан (далее – затраты на осуществление предпринимательской деятельности), но не более 200,00 тыс. рублей на одного индивидуального предпринимателя.

К затратам на осуществление предпринимательской деятельности относятся:

- приобретение, монтаж и установка оборудования, включая технические приспособления, необходимые для ведения предпринимательской деятельности, а также создание (оснащение) или дооснащение существующих или вновь созданных рабочих мест для трудоустройства граждан;

- обеспечение организационно-технических условий для ведения предпринимательской деятельности;

- приобретение мебели и оборудования вентиляционных систем, систем кондиционирования, а также приобретение иного вспомогательного оборудования для ведения предпринимательской деятельности.К затратам на осуществление предпринимательской деятельности не относятся затраты на аренду и заработную плату работников. На создание временных рабочих мест для трудоустройства граждан субсидия не предоставляется. Субсидия предоставляется юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям на конкурсной основе. Организатором проведения конкурсного отбора юридических лиц и индивидуальных предпринимателей в целях предоставления им субсидии (далее – конкурсный отбор) являются государственные казенные учреждения Республики Дагестан – центры занятости населения в муниципальных районах и городских округах (далее – центры занятости населения), которые своим приказом образуют конкурсную комиссию по проведению конкурсного отбора (далее – конкурсная комиссия), утверждают порядок проведения конкурсного отбора, состав конкурсной комиссии и положение о ней.

Субсидия предоставляется юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям при соблюдении ими следующих условий:

1) отсутствие у юридического лица, индивидуального предпринимателя на дату подачи заявления на получение субсидии по типовой форме, утверждаемой Минтрудом РД (далее – заявление), в центр занятости населения, неисполненной обязанности по уплате налогов, сборов, страховых взносов, пеней, штрафов, процентов, подлежащих уплате в соответствии с законодательством Российской Федерации о налогах и сборах;

2) отсутствие у юридического лица, индивидуального предпринимателя на дату подачи заявления просроченной задолженности по возврату в республиканский бюджет Республики Дагестан, из которого планируется предоставление субсидии, субсидий, бюджетных инвестиций, предоставленных в том числе в соответствии с иными нормативными правовыми актами Республики Дагестан, и иной просроченной задолженности перед республиканским бюджетом Республики Дагестан, из которого планируется предоставление субсидии;

3) отсутствие у юридического лица, индивидуального предпринимателя на дату подачи заявления просроченной задолженности по заработной плате работникам, состоящим с ним в трудовых отношениях;

4) юридическое лицо, индивидуальный предприниматель не должен находиться в процессе реорганизации, ликвидации, банкротства и (или) прекратить деятельность в качестве юридического лица, индивидуального предпринимателя;

5) юридическое лицо, индивидуальный предприниматель на дату подачи заявления не является иностранным юридическим лицом, а также российским юридическим лицом, в уставном (складочном) капитале которого доля участия иностранных юридических лиц, местом регистрации которого является государство или территория, включенные в утверждаемый Министерством финансов Российской Федерации перечень государств и территорий, предоставляющих льготный налоговый режим налогообложения и (или) не предусматривающих раскрытия и предоставления информации при проведении финансовых операций (оффшорные зоны), в отношении такого юридического лица, в совокупности превышает 50 процентов;

6) отсутствие у юридического лица, индивидуального предпринимателя на дату подачи заявления субсидий, бюджетных инвестиций, полученных из республиканского бюджета Республики Дагестан, из которого планируется предоставление субсидии, предоставленных в том числе на основании иных нормативных правовых актов Республики Дагестан или муниципальных правовых актов на стимулирование предпринимательской деятельности;

7) трудоустройство юридическим лицом, индивидуальным предпринимателем не менее двух граждан самостоятельно или по направлению центра занятости населения. Дополнительную информацию об участии в Программе вы можете получить в ГКУ РД ЦЗН МР «Гумбетовский район».

**Тел: 2-63-69**
**Мобильный: директор 8 928 047 19 47, Инспектор по трудоустройству 8 928 249 08 45**
**Адреса эл.почты:**
**czn.gumbet@yandex.ru,**
**czn.gumbet@e-dag.ru**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.